

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Di tatar Sunda, salasihiji kasusastraan dina wangun tulisan téh nyaéta naskah atawa dina bahasa Inggris mah disebut *manuscript*. Naskah nurutkeun Baried (1985, kc. 4) mangrupa objék kajian panalungtikan filologi, anu miboga tujuan pikeun mikawanoh kalawan sampurna hiji naskah, sangkan leuwih nyangkem eusi jeung ma'na tina naskah, sarta medar deui budaya-budaya heubeul pikeun dilarapkeun deui kana kamekaran budaya jaman kiwari.

Kasusastraan Sunda téh nyaéta karya sastra anu ditulis dina basa Sunda ogé anu mekar di tatar Sunda. Masarakat jaman kiwari ilaharna mikanyaho wangun sastra téh nya éta wangun sastra tulisan. Kasusastraan mangrupa hal anu teu bisa dipisahkeun ti kahirupan manusa, sabab mangrupa maniféstasi kabeungharan lahir jeung batin masarakat anu ngigelanna. Sastra Sunda mangrupa salasihiji sastra daérah nu aya di Indonésia, kamekaranna natrat ti bihari nepi ka kiwari. Upamana naskah, tina éta tulisan atawa karya sastra téh masarakat bisa nyangking pangaweruh jeung gambaran ngeunaan kapercayaan, adat-istiadat, sistem pamikiran jeung sistem kahirupan séjénna anu mangrupa gambaran kahirupan masarakat éta sorangan.

Naskah anu baris diguar dina ieu panalungtikan nyaéta naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo. Ieu naskah ditulis dina aksara Pégon, basa anu dipakéna nyaéta basa Sunda. Diwangun ku pupuh Dangdanggula réana 97 pada. Hiji naskah kudu ngaliwatan prosés talaah, maca jeung nafsirkeun. Aya téknik husus pikeun maca jeung nafsirkeunna, sabab biasana naskah Sunda Kuno ditulis dina aksara Pégon, Cacarakan, jeung sajabana mindeng jadi bangbaluh pikeun masarakat. Ku kituna akademisi jeung nu bisa maca miboga tanggung jawab pikeun ngayakeun panalungtikan mangrupa transliterasi tina éta naskah sangkan bisa dipikaharti ku balaréa jeung karasa mangpaatna sangkan bisa dilarapkeun dina ngigelan jaman.

Prosés transliterasi mangrupa runtuyan tina ulikan filologi dina ngaguar hiji naskah. Suryani (2012, kc. 3) nétélakeun yén filologi minangka studi téks, nya éta hiji

studi nu ngalakonan kagiatanna ku ngalakukeun kritik kana téks atawa kritik téks. Dina éta wangenan, filologi dipikawanoh salaku studi ngeunaan naon-naon anu aya dina téks. Nurutkeun Baried dina Suryani (2012, kc. 68), transliterasi nyaéta “*penggantian jenis tulisan, huruf demi huruf dari abjad yang satu ke abjad yang lain.*” Naskah jeung transliterasi téh dua sisi ‘mata uang’, ngaliwatan proses transliterasi, bakal apal kana sagala rupa eusi dina naskah. Ku kituna transliterasi kacida pentingna sabab mangrupa léngkah mimiti sabada ditilik kaayaan fisikna. Transliterasi dianggap mangrupa salasahiji tarékah pikeun nyalametkeun eusi tina naskah aslina nu heubeul sangkan bisa kacangking eusi jeung mangpaatna ku balaréa. Lian ti éta ogé mangrupa upaya sangkan ngahudang minat baca masarakat jaman kiwari kana naskah heubeul. Ku kaguar hasil tina transliterasi naskah, karasa mangpaatna sarta jadi pieunteungeun keur kahirupan jaman kiwari, sanajan ngeunteungna ka jaman bihari.

Sabada dilaksanakeun prosés transliterasi, eusi tina naskah teu langsung kaharti ma’nana. Sakapeung masarakat ngarasa ahéng kénéh kana basa jeung kekecapanna, sabab naskah mangrupa sastra heubeul anu ditulis ngagunakeun basa Sunda buhun. Ku kituna, sangkan amanat anu aya dina naskah katepikeun, perlu penafsiran atawa interprétasi kalawan ngagunakeun pamarekan hermeneutik. Analisis hermeneutik hartina prosés ngarobah hiji hal atawa situasi anu tadina teu apal atawa teu ngarti jadi ngarti. Ratna (2011, kc. 46) nyebutkeun yén métode hermeneutik henteu néangan ma’na nu bener, tapi néangan ma’na nu pangoptimalna. Ku kituna ieu analisis kacida pentingna dilaksanakeun sangkan masarakat maham kana eusi naskah.

Naskah tangtuna miboga amanat jeung mangpaatna keur balaréa, sabab mangrupa warisan sastrawan heubeul keur masarakat jaman kiwari. Mangpaat jeung amanatna diébréhkeun ngaliwatan ajén-ajén anu digambarkeun ku pangarang., salasahijina nya éta ajén kaagamaan. Ajén kaagamaan mangrupa konsép ngeunaan ajén-inajén luhung nu aya pikeun jalma anu ngagem kapercayaan sangkan dijadikeun pedoman atawa cecekelan dina ngalakukeun hiji hal. Agama mangrupa sumber pendidikan kamanusaan, anu dina Islam miboga pilar-pilar pikeun jadi pedoman sarta ngajadikeun manusa nu beragama; nyaéta ahlak, tauhid, jeung ibadah (Razak, 1971, kc. 33).

Nanda Meilinda, 2019

AJÉN KAAGAMAAN DINA NASKAH GUGURITAN “DANGDANGGULA NU JADI MAMANIS” KARYA KALIPAH APO (Ulukan Filologi jeung Hermeneutik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panalungtikan saacanna anu sawanda jeung ieu panalungtikan dina wangun skripsi geus kawilang loba di antarana, “Ajén Kaagamaan dina Wawacan Syeh Abdul Kodir Jaelani” ku Ai Saidah (2006) jeung “Ajén Kaagamaan dina Wawacan Samaun (Ulikan Filologi)” ku Yedi Sudrajat (2016). Aya ogé dina wangun tésis nyaéta “Ulikan Tasawuf dina Guguritan “Sinom Gurinda Pangrasa” Karya Radén Haji Muhammad Syu’eb (Analisis Struktural jeung Hermeneutik)” ku Dwi Alya (2013).

Tina sababaraha panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sasaruanna nya éta ngaguar ajén kaagamaan sarta aya salasahiji panalungtikan nu nganalisis ngagunakeun pamarekan hermeneutik. Najan kitu, can aya nu kungsi nganalisis tina naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo. Ieu panalungtikan dianggap perlu sabab ayana prosés maluruh ma’na tina naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo. Ogé pikeun ngaguar ajén kaagamaan anu nyangkaruk dina éta naskah.

Dumasar kana pedaran di luhur, perlu diayakeunna panalungtikan anu dijudulan “Ajén Kaagamaan dina Naskah Guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo (Ulikan Filologi jeung Hermeneutik).”

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah, bisa dirumuskeun sababaraha masalah anu diébréhkeun dina wangun pananya saperti ieu di handap.

- a. Kumaha déskripsi, idéntitas, jeung kaayaan naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo?
- b. Kumaha hasil transliterasi téks naskah Guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo tina aksara Pégon kana aksara Latén?
- c. Kumaha interprétasi ma’na téks naskah Guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo?
- d. Ajén kaagamaan naon baé nu nyangkaruk dina téks naskah Guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan nu baris dihontal dina ieu panalungtikan kabagi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaguar jeung maluruh ngeunaan déskripsi sarta transliterasi naskah jeung ngainterprétasi ngagunakeun ulikan hermeneutik kana naskah Guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo katut medar ajén kaagamaan anu nyangkaruk dina éta naskah.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan di antarana:

- a. ngébréhkeun déskripsi, idéntitas, jeung kaayaan naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo;
- b. midangkeun hasil transliterasi téks naskah Guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo tina aksara Pégon kana aksara Latén;
- c. ngadéskripsikeun ma’na nu nyangkaruk tina naskah Guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo kalawan ngagunakeun pamarekan hermeneutik;
- d. ngadéskripsikeun ajén kaagamaan nu aya dina naskah Guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat tina segi téoritis, praktis, kawijakan, sarta tina segi isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat tina Segi Téoritis

Ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun méré déskripsi ngeunaan ma’na nu nyangkaruk ku cara méré interprétasi ngagunakeun ulikan hermeneutik katut mikaweruh déskripsi sarta transliterasi tina naskah. Ogé pikeun ngaguar ngeunaan ajén kaagamaan anu nyangkaruk dina naskah Guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo.

1.4.2 Manfaat tina Segi Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun sababaraha hal, di antarana:

- 1) pikeun panalungtik, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina widang nu digarap, miboga data hasil panalungtikan ngeunaan déskripsi jeung transliterasi naskah, hasil interprétasi tina naskah Guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo, sarta ajén kaagamaan nu aya dina éta naskah;
- 2) pikeun masarakat, tina hasil transliterasi jeung interprétasi bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh sarta bisa nyokot mangpaat tina eusi naskah pikeun pieunteungeun dina kahirupan;
- 3) pikeun guru, bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca guguritan di SMP kelas VIII;
- 4) pikeun mahasiswa, bisa dijadikeun bahan pustaka dina panalungtikan kahareupna.

1.4.3 Manfaat tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngahudang sumanget pikeun miara warisan budaya karuhun Sunda saperti guguritan nu ngandung ajén luhung. Ogé pikeun pamaréntah, hasil transliterasi naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo bisa dilarapkeun dina buku ajar basa Sunda pikeun bahan pangajaran nulis guguritan.

1.4.4 Manfaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré sumbangsih dina mantuan transliterasi naskah, sarta bisa ngarojong aktivis kasundaan pikeun ngainventarisasi naskah nu aya di balaréa sangkan bisa dimumulé kalawan bener.

1.5 Raraga Tulisan

Struktur organisasi skripsi miboga fungsi pikeun méré gambaran dina ngalaksanakeun panalungtikan. Ieu skripsi disusun kabagi jadi lima bab saperti ieu di handap:

- a. BAB I mangrupa bubuka medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan umum jeung husus panalungtikan, mangpaat téoritis jeung praktis panalungtikan sarta raraga tulisan.
- b. BAB II mangrupa ulikan tiori medar ngeunaan dasar tiori anu ngawengku naskah, transliterasi, aksara Arab Pégon, guguritan, analisis hermeneutik, jeung ajén kaagamaan.
- c. BAB III mangrupa métode panalungtikan ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur/alur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data. Anapon téhnik ngolah data nu dipaké nya éta naskah tunggal.
- d. BAB IV mangrupa hasil panalungtikan nyaéta medar hasil tina ieu panalungtikan mangrupa déskripsi naskah, hasil transliterasi sarta kajian filologi jeung hermeneutik.
- e. BAB V mangrupa kacindekan jeung rékoméndasi (saran) tina hasil analisis filologi jeung analisis hermeneutik.